Ёндошувига кўра ахборий интервью, интверью-монолог, интервью-диалог, интервью-протокол, блиц интервью, интервью-полилог, интервью-сукут.

Интервьюнинг қайси тури қўлланилмасин мақсад керакли маълумотни олиш ва аудиторияга узатишдир.

**Адабиётлар**


1. Цвик В.Л. Телевизионная журналистика. М.: Аспект Пресс, 2004. -382.
2. Мадреимов Т., Мадреимов К. Ҳәр заттың өз тарийхы бар. Н.:Билим. 1994. -132.
3. Багиров Э., Борецский Р., Глуховская Л., Григорянц Н., Кацаев И. Жанры телевидения. М. 1967. -252.
4. Shrivastava K.M. News reporting and editing. Second revised edition –India: New Dehli, 1991. –p.26.
5. Terry Ellmore R. Mass Media dictionary USA. М.: рус.яз. 1992. -668p
6. Ворошилов В. В. Журналистика. Учебник. СПб: Михайлова. 1993.-304с.
7. Мельник Г.С., Тепляшина А.Н. Основы творческой деятельности журналиста. М.: СПб: Питер. 2009. -272.
8. Современная журналистика. Рук. проекта: д.и.н. Ирназаров К.Т., авторы: проф., д.и.н. Нестеренко Ф.П., д.и.н. Ирназаров К.Т., к.ф.н. Маматова Я.М. Т.: Zarqalam , С.137.
9. Ҳамдамов Ю.Тараққиёт мезони. Т.: O`zbekiston. 2013. -216.
10. Саидов Ҳ. Жамиятнинг демократлашуви жараёнида ахборот жанрларининг ривожланиш омиллари. Т.:TA`LIM MEDIA. 2020. -192.
11. Асадуллаев М. Телевидениенинг назарий ва амалий асослари: ЎзТВ 65 ёшда (матн+фотолавҳалар). Т.: MUMTOZ SO`Z. 2021. -584.
12. Теория и практика советской периодической печати. Под ред. Пельта В.Д. М.: 1980, С.227-237.
13. Тертычный А.А. Жанры периодической печати. М.: Аспект Пресс. 2000.
14. Грабельников А.А. Работа журналиста в прессе. М.: 2001.
15. Телевизионная журналистика. М.: 1998.
16. Ким М.Н. Новостная журналистика. Учебник. Санкт Петербург. Из.Михайлова В.А. 2005. С.251.
17. Кузнецов Г.В. ТВ-журналист. М.: изд.Моск.ун-та. 1980. -256.
18. Пальгунов Н. Заметки об информации. М.:1967. С.23.
19. Луғат. Журналистика-реклама-паблик рилейшнз. Маълумотнома. Т.: Зар қалам. 2003. -400.
20. Ҳозирги замон журналистикаси. Т.: Aloqachi. 2008. -304.
21. Алламбергенова П. Тележурналистика жанрлари. Т.: Янги аср авлоди. 2004. -120.
22. Мясникова М.А. Телевидение как феномен культуры. Изд. Екатеринбург. Уральского университет. 2017. -140.
23. Мельник Г. Общение в журналистике. 2-е изд, перераб. СПб.: Питер. 2008. -235.
24. Умиров С. Жанр сенга боқмаса. Ўзбекистон матбуоти. 2006. 2-сон.
25. Арифхонова С. Телевизионная журналистика. Т.: 2007. С.31.
26. Коммуникация в современном мире. ВГУ. 2007. -238.



**РЕЗЮМЕ**

Ушбу мақолада интервью жанри назарияси, таснифи таҳлил қилинди. Бу борада олимларнинг қарашларига муносабат билдирилди. Шунингдек, ўзимизнинг таснифимиз тақдим этилди.

**РЕЗЮМЕ**

В данной статье анализируется теория и классификация жанра интервью. Были прокомментированы взгляды ученых на этот вопрос. Также была представлена наша собственная классификация.

**SUMMARY**

This article analyzes the theory and classification of the interview genre. The views of scientists on this issue were commented. Our own classification was also presented.


## НУРАБЫЛЛА ЖЫРАЎ МЕКТЕБИ ГИНЕАЛОГИЯСЫ ХАҚҚЫНДА ГЕЙПАРА ОЙЛАР


**С.Б.Аяпов** – *еркин изленийши*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*



**Таянч сўзлар:** қўбиз, жиров, жировчилик мактаби, достон, мақол, адабий мерос, урф-одат.

**Ключевые слова:** кобуз, жиров, школа жиров, эпос, пословица, литературное наследие, традиция.

**Key words:** kobiz, fat, fat school, epic, proverb, literary heritage, tradition.


Хәр бир халықтың өзине тән жазба ҳәм аўызеки әдебиятлары бар. Сол сыяқлы қарақалпақ халқында салт-дәстүрлери, нақыл-мақаллары, халық қосықлары, ертеклери ҳәм дәстанлары бар. Мине усы халық жырларын, батырлық дәстанларын ең ески заманлардан берли шеберлик пенен атқарып киятырған өнер түри бул жыраўшылық өнери болып есапланады. Жыраўшылық өнери қарақалпақ халқының ертеден киятырған өнери болып, оны усы күнге шекем атадан-балаға, устаздан-шәкиртке жеткерип келген бир қанша жыраўлардың мийнетлерин айтыўға болады. Тийкарынан жыраўшылық шежиреси XIV әсирде Сопбаслы сыпыра жыраўдан басланған болса, кейин ала Жиен жыраў, Жиемурат, Халмурат, Дүйсенбай, Айтуўар, Доспанбет, Мүйтен, Шаңқай, Қазақбай, Нурабылла, Есемурат, Ажимурат сыяқлы жыраўлар даўам етип келген. Ҳәзирги ўақытта бул жыраўлар хаққында қаншелли көплеў мағлыўматты билиўди қәлесекте жазба дәреклерде оғада аз болғанлықтан өткен жыраўлардың әўладлары, шәкиртлери ҳәм халық арасынан жыйналған мағлыўматлардан пайдаланыўға мәжбурмиз.

Ал, бул мақаламызды сол жыраўлардың бири болған Нурабылла жыраў мектеби, оның шәкиртлери ҳәм шынжырма-шынжыр даўам етип келген урпақлары хаққында кеңнен сөз етимиз.

Уллы айтқыш жыраў Нурабылла Қаражан улы 1862-жылы Қарақалпақстанның ҳәзирги Тахтакөпир менен Шымбай районының арасындағы Есим бойы Нәўпир деген жерде дүньяға келген. Әкеси Қаражан етикшилик етип күн көрген. Ал, жыраўшылық кәсиби болса Нурабыллადан таралған. Нурабылла балалығынан жыраўшылық кәсибине қызыққан болып дәслеп Қанназар, Қали, Турымбет жыраўлардан Қоблан, Едиге дәстанын тыңлайды ҳәм Шымбайдағы Пәлеке жыраўдың изине ерип оннан Алпамыс дәстанын үйренеди. Соңынан Нурабылла Хорезмниң Шабат районындағы Ерман жыраўдан Шарьяр дәстанын үйренеди. Бирақ Ерман жыраўдың үйинде көп жүрмей сол ўақытлардағы «Ақ кийиз» деген саўдагер карўанына ерип Бухараға барады. Қарақалпақ жыраўларында бурыннан киятырған дәстүри бойынша жыраўшылық өнерин жетилистириў ҳәм ҳақыйқат жыраў болып атанып қайтыў ушын Бухараға (Нуратаға) баратуғын болған. Бухараға барып Қалмурат улы Қазақбай деген жыраўды излеп табады ҳәм оның қолында 25-ай шәкирт болып хизмет қылады. Кейин Бухарадан қайтип Хорезм, Қарақалпақ әтирапларында қолдан-қолға тийдирмейтуғын атақлы жыраў болады. Нурабылла жыраўдың жырлайтуғын репертуарлары «Алпамыс», «Қоблан», «Шора», «Шәрьяр», «Едиге» ҳәм өзи дөреткен Суржылан деген дәстанлары, тарийхый жырлары, толғаў, термелери болған. Ал дәстан атқарғанда пайдаланатуғын сүйикли намалары

Шербейит, Ылғал, Толғаў, Сыбай, Яр-яр, Жан-жан, Ҳай-яр, Шалқар, Таңатар, Яғлыбәҳәр, Ерман толғаўы, Нурабылла толғаўы, Шаңқай, Айтыўар сыяқлы қобыз намалары болған [1].

Нурабылла жыраў өзиниң жыраўшылық қылған дәўиринде айтқыш жыраў болыў менен бир қатарда үлкен устазда болған ҳәм изине жигирма төрт шәкирт ертип жыраўшылық сырларын үйреткен. Олар: Әбдирасиўли (Әбдир – Қалбала), Бекимбет Казаков, Ерполат, Қуат, Қуламет Уббиев, Сейтмурат, Алламурат, Сапар, Сапар, Бердақ, Дошнияз, Бегжан, Жақсымурат (Жаңабазар болысы Қарақалпақ), Өтебай, Мәтқурбан, Қурбанбай, Жанназар сыяқлы жыраўлар болса, ал қалған жетеўи оңлы жыраў болмаған ҳәм көбисиниң атлары халық ишинде умыт болып кеткен.

Нурабылла жыраў қарақалпақ жыраўлары ишинде атқарыўшылық шеберлиги, хаўазының бәлентлиги жағынан ең атақлы жыраўлардан бири есапланады. Ол жыраўшылықты кеңнен таратқан сөздиң, саздың, шебери болған адам, халық оны оғыры сүйген. Нурабылла жыраў устазларынан үйренген жыраўшылық кәсибин өзиниң баласы Есемуратқа да үйреткен ҳәм 1927-жылы 64-жасында қайтыс болады.

Нурабыла жыраўдан Айтмурат, Есемурат, Өтемурат атлы балалары болып, солардан Есемурат ата кәсибин қуўып әкесиниң изине шәкирт болып 16 жыл ерип саз бенен сөз үйренеди.

Есемурат Нурабуллаев 1983-жылы дүньяға келип 16-жасқа шығыўдан әкеси Нурабылла жыраўдың изине ерип Қоблан, Едиге, Алпамыс, Шәрьяр, Шора сыяқлы дәстанларды үйренеди [2]. Әкеси өлгеннен кейин өзи туўылып өскен аўыллары менен далалары, узақ жерлерди үзликсиз гезип, өз алдына жыраўшылық қылып, ел аралаған.

Есемурат жыраў заманласлары Өгиз жыраў, Ерполат, Қыяс жыраўлар менен Төрткулде, Ташкентте өткерилген олимпиадаларға қатнасып ең жоқарғы орынларды ийелейди. 1931-жылы республикамыздың ең талантлы ўәкиллери болған Өгиз жыраў, Қыяс жыраў, Қаражан бақсы, Жапақ бақсы, Айымхан Шамуратовалар менен Москвада қарақалпақ халқының әййемнен киятырған музыкасы бай екенлигин, зор талантлы шеберликлери арқалы көрсетти ҳәм сол күнлерде жыраўларымыз Москвада 18 күн болып Яр-яр, Хаўжар, Шербейит, Сыбай, Ылғал, Нурабылла толғаўы ҳәм тағы басқа жаңа заман қосықларын айтып пластинкаға түсирди ҳәм радиоға берип қайтты.

Есемурат жыр жырлаў менен биргеликте, дәстанды творчестволық жақтан қайта ислеў уқыбына да ийе болған. Есемуратты «айтқыш жыраўдың әўлады» деп халық ҳүрметлейди ҳәм оның жырын сүйип тыңлайды. Ол ел аралағанда «жыраў келди» демей, аўылға «Нурабылланың баласы» келди, деп сол арқалы Нурабылланың даңқын еске алып отырған [3].

Жыраўдың өмир бойы халық алдында ислеген мийнетин баҳалап АССР Жоқарғы Ҳүрмет грамоталары менен сыйлықланған. Есемурат жыраў бурынғы жыраўлар дәстүри бойынша бир қанша шәкиртлер таярлаған. Солардан 1924-жылы туўылған өзиниң Ажимурат деген баласын изине ертип жыраў етип шығарады ҳәм 1979-жылы 86-жасында қайтыс болады.

Нурабылла жыраўшылық мектебиниң кейинги ўәкили, Есемурат жыраў жолының даўамшысы болған Ажимуратта жыраўшылыққа ықласы жаслығынан басланады. Балалық дәўиринен атасынан қобыз шертиўди үйренген Ажимурат, алдын ала жеңил терметолғаўлар, ер жеткеннен кейин дәстанларды айтып халық сейиллери, той-мерекелерде әкесиниң қасында жүрип, атқарыўшылық шеберлигин қунт пенен ийелеп баслайды ҳәм тез арада «бала жыраў» атағы менен таныла баслады. Кейин ала қоңсы аўыллардағы тоймерекелер әке-бала жыраўларсыз өтпейтуғын болады.

Билимге қуштар теңлеслери қатары үлкен қалаларда оқыўды әрман ететуғын Ажимурат жаслық әрманларын жасырынша сазға қосып жүрген кунлеринде урыс басланғанлығы ҳаққындағы суўық хабарды еситип, жүрегинде қорқыныш пайда болды ҳәм ўатан қорғаўына атланатуғын ўақыт келгенинде атасынан мийрас ески қобызды маңлайына тийгизип, қулақларынан суйди. Кейин Қара уйдиң қабырғасына илдирип урысқа кетти. Урыс жеңис пенен жуўмақланып, саў-саламат елге қайтқаннан кейин, даслеп Ахунбабаев атлы аўыл кеңесинде хаткерлик қылды. 1950-жылы Қоңырат халық театрына ағза болды ҳәм бул жерде быраз муддет халқымызға мәдений хызметлер көрсетти.

Ажимурат жыраў тойларда «Қоблан» дәстанын атқарғанда еситип отырған халық таңға шекем кирпик илинтирмей гә кулип, гә жылап отырып тыңлайтуғын болған. Ол хаққында Өзбекстан халық хофизи Жумабай жыраў Базаровтың «Ажимурат атамлар Қоблан дәстанын атқарғанда халықты жылатпай қоймайтуғын еди» деген тәриплериниң өзи де Ажимурат жыраўдың тәсирли даўыс ийеси ҳәм шебер атқарыўшысы болғанлығынан дәрек береди.

Әлбетте, өз даўысы, өз жолына ийе жыраўдың жеке репертуары бай ҳәм рең-бәрең болып табылады. Ол онлап терме-толғаўлардан тысқары қәдриятларымыз ҳәм жоқары инсанийлық пәзийлетлерин, Ўатанға садықлық ҳәм мухаббатты, батырлықты улығлаўшы зарур тәрбиялық әҳмийетке ийе «Қоблан», «Алпамыс», «Шәрияр», «Ер Шора», «Едиге», «Ерзийўар», «Қырыққыз» дастанларын толық яд билген ҳәм шеберлик пенен өмири ақырына шекем айтып келген.

Нурабылла жыраў мектебин Есемурат, Ажимурат жыраўлардан тысқары Нурабылла жыраўдың биринши перзенти Айтмураттың баласы Атамуратта даўам еттирип, жыраўшылық пенен шуғылланып баласы Турғанбайға устазлық етип қобыз сырларын үйреткен. Қала берди Есемурат жыраўдың Оразхан атлы қызынан тыўылған Ибрайым Нуржанов, атасы Есемураттың қолында тәрбияланып олда халық арасында жыраўшылық етип күн көрген. Атамураттың баласы Турғанбай жыраў болса Қоңыраттағы Есемурат жыраў атына қойылған балалар музыка ҳәм көркем өнер мектебинде жумыс ислеп Нурабылла, Есемурат, Ажимурат, Атамурат сыяқлы шынжырма-шынжыр даўам етип келген жыраўшылық өнерин, жас талант ийелерине үйретиўде өз үлесин қосып келген.

Биз Нурабылла жыраўды қарақалпақ жыраўшылық шежиресинде Соппаслы сыпыра жыраў, Жийен жыраўлардан кейинги салмақлы из қалдырған жыраў болып қалмастан, отырып оның ислеген мийнетлери, таярлаған шәкиртлери, даўамшы урпақлары ҳам олардың атқарған намалары менен дәстанлары еледе көп жыллар даўамында халқымыз ядынан өшпейди.

**Әдебиятлар**

1. Айымбетов Қ. «Халық даналығы» -Нөкис: «Қарақалпақстан», 1968.
2. Мақсетов Қ. «Дәстанлар, жыраўлар, Бақсылар» -Нөкис: «Қарақалпақстан», 1992.
3. Айымбетов Қ. «Халық даналығы» -Нөкис: «Қарақалпақстан», 1968.
4. Қайратдинов А. «Қобыз намалары» -Нөкис: «Қарақалпақстан», 1986.
5. Адамбаева Т. «Жыраў намалары» -Нөкис: «Қарақалпақстан
6. Ерманов Е. «Жумабай жыраў Базаров» -Нөкис: «Қарақалпақстан», 2000.

**РЕЗЮМЕ**

Мазкур мақолада қорақалпоқ жировчилик санъатида ёрқин из қолдирган жиров Нурабулла Қоражон ўғлининг ҳаёти ва ижодий фаолияти, унинг шогирдлари ва авлодлари ҳақида сўз юритилади. Бундан ташқари Есемурат, Ажимурат, Атамурат,

Турганбай сингари жировларнинг ўзига хос овози, ижро қилиш маҳорати ва репертуарлари ҳақида атрофлича маълумот берилган.

**РЕЗЮМЕ**

В данной статье рассказывается о жизни и творческой деятельности Нурабуллы сына Кораджона, его учеников и потомков, оставивших яркий след в искусстве каракалпакского жирова. Кроме того, дана подробная информация об уникальном голосе, исполнительских способностях и репертуаре таких жиравов, как Есемурат, Ажимурат, Атамурат, Турганбай.

**SUMMARY**

This article tells about the life and creative activity of Nirabulla Qorajon son, his students and descendants, who left a bright mark in the art of karakalpak dzhirovism. In addition, detailed information is given about the unique voice, performance skills and repertoire of giraffes such as Esemurat, Ajimurat, Atamurat, Turganbay.

## ҚАРАҚАЛПАҚ ҲӘМ ҚАЗАҚ ЖЫРЛАРЫНДАҒЫ ОБРАЗЛАРДЫҢ УҚСАСЛЫҒЫ ХӘМ АЙЫРМАШЫЛЫҚЛАРЫ

**Г.Базарбаева** – *еркин излениўши*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** қорақалпоқ халқ достони, қозоқ эпоси, образ, типология, фольклоршунослик, ботирлар қўшиғи, версия, вариант.

**Ключевые слова:** каракалпакский народный эпос, казахский эпос, образ, типология, фольклор, богатырская песня, версия, вариант.

**Key words:** Karakalpak folk epic, Kazakh epic, image, typology, folkloristics, heroic song, version, variant.

Бүгинги күнде қарақалпақ хәм қазақ халықларының жырларын салыстырып үйрениў-фольклортаныў илиминде әҳмийетли мәселелерден бирине айланбақта. Әсиресе, эпослардағы образлар типологиясын изертлеў, олардың уқсаслық хәм айырмашылықларын салыстырып талқылап үйренилиўи тийис мәселелерден бири.

Ҳәр халықтың батырлық жыры ең алды менен сол халықтың басынан кеширген тарийхый ўақыялары менен тығыз байланыслы болады. Қаҳарманлық жырлар халықтың әсирлер бойы өзи сақлап келген өшпес мийрасларынан, сол халықтың қандай батырлары бар екенлигин,батырлар жырынан оқып билсек болады. Қарақалпақ ҳәм қазақ жырларының батырлар жырларындағы образларды салыстырып үйрениў арқалы олардың бир-бирине жүдә уқсас екенлиги көзге тасланады. Мәселен, қарақалпақ халқының «Ер Шора» [1] дәстанындағы Ер Шора батыры менен қазақ халқының «Шора» [2] дәстанындағы Шора батыр образларын талқылап көргенимизде, бул дәстанлардағы қаҳарманлардың тәғдирлери, турмыс-тиришилиги, ақыл - парасатлылығы, ата-анаға, халқына деген хүрмети, сүйиклисине деген садық муҳаббаты бир-бирине жүдә уқсас келеди. Биз усы дәстанларды үйрениў арқалы сол бурынғы жасап кеткен ата-бабаларымыздың өмир тиришилиги қандай болғанлығын көремиз.

2000-жылы «Қарақалпақ халық дәстаны «Ер Шора» Ж.Низаматдинов тәрепинен арнаўлы түрде изертленген болса [3], 1998-жылықазақ халқының «Шора батыр» эпосы А.А.Мамытовлар [4] ҳәм Б.С.Қорғанбековлар [5] тәрепинен арнаўлы түрде изертленген. Деген менен қарақалпақша «Ер Шора» дәстаны менен қазақ халқының «Шора» жырын арнаўлы түрде салыстырып изертлеў жумыслары жүргизилмегенлиги себепли, бүгинги күнде фольктораныў илиминде бул еки дәстанның уқсаслық ҳәм өзгешелик тәреплерин типологиялық жақтан салыстырып үйрениў баслы мәселе болып табылады.

Тарийхый шынлық болсын, я болмаса халық қыялынан туўсын, әйтеўир ҳәргезде өмир сүрген халық батырларының қаҳарманлықлары халық эпосының тийкарғы мазмунын қурайды, оның негизги идеясын анықлайды эпоста батыр жалғыз сүўретленбейди [6:8]. Батырлар жырларының үлкен айырмашылығы соннан ибарат: ҳәр қашан да батыр менен бирликте бирдей, оның әтирапында тулғаланып турақлы сүўретленетуғын қурамалы қаҳарманлар да бар болып, олар ең алды менен батырдың гейде қалыңлығы, гейде ҳаялы, оның қасындағыams дослары, ҳәттеки астына минген аты да өзгеше көзқараста сүўретленеди.

«Ер Шора» менен «Шора» - түркий тиллес халықлардың ишинде қарақалпақ ҳәм қазақ халқында дәстан түринде сақланып, бизге келип жетти. Еки дәстандағы образларды салыстырып үйрениўде, қарақалпақ халқының «Ер Шора» дәстанын Өтенияз жыраў Ийимбетов вариантын менен қазақ халқының «Батырлар жыры»ндағы «Шора»вариантының образларын анализлеўди мақул таптық. Бул еки дәстанда да батырлар бай баласы болады. Қарақалпақша вариантында Ер Шораның әкеси Нәрикти аўыл таныған бай, ал анасы болса Ақдәўлет деп сүўретленген ҳәмде оның қарындасы да болғанлығы, оның аты Гүмисай деп келтириледи. Ал,қазақша версиясында Шора батырдың әкеси Нәрик ноғай халқының ханы ретинде сүўретленген ҳәм де бунда батырдың бир перзент екенлиги айтылады. Оның анасы Меңли,достысы Қулыншақ. Қаҳарманлық дәстанларда батырдың аты ҳәм қурал жарағы бас орынға қойып сөз етилетуғынлығы бизге белгили.

«Ер Шора» дәстанының қарақалпақша ҳәм қазақша версияларында батырлар ең алды менен ат таңлайды.Ат образының дәстанларда сүўретлениўи, қаҳарманлық дәстанларда батыр образы менен бирдей сүўретленеди.«Ер Шора» дәстанының еки халық версиясында да батырдың ерлиги, күши, ғайраты сүўретленеди. Қарақалпақша версиясында Ер Шораның атының аты Шубар ат болады, ал қазақша версиясында Шора батырдың аты Таспакер деп айтылады.

Қарақалпақша мен қазақша версияларында атларды таңлаўдағы өзгешелиги Ер Шораға мың жылқының ишинен жақсы ат табылмай әкеси қуллардың басшысы Ғодарға және жылқы барма оны да көрсет деп айтады. [1:119]. Ғодар сонда тек үш жылқы қалғанлығын айтады. Бай бул жылқыларды да көзден өткерип, еки жылқының соңына зордан жарап киятырған Шубар тайды көреди ҳәм сол тайды услатып, Шораға еншиге береди. Шубар тайды Ғодарға бағыўға береди, ал баласы Ер Шораны сол қуллардың басшысы Ғодарға бала етип береди. Қалмақтың бийи Әлий бий қәлпелери менен бирге қус аўлаўға шығады, қайтар гезде еки қәлпеси бийден адасып қалып Нәрик байдың аўылында жүрип Шубар атты көреди. Шубарды қәлпелер тартып алмақшы болады, бирақта атты Ғодар оларға бермейди [1:120]. Қазақша версиясында да Шора батырдың Таспакер атына Ақташ хан алпыс бийине Нәриктиң баласы Шораның атын алып кел деп жибереди [2:62-63]. Бийлер Нәрик ханнан Таспакер атты тартып алып кетеди, ашыўы келген Нәрик хан өзи қуўып барайын десе, атты ала алмай, Ақташ ханның бийлериниң қолында өлип кетсем, мениң қайда кеткенимди Шора балам билмей қалар деп баласының үйине келеди. Шора батыр әкесиниң алдына шығып не болғанын сорайды. Сонда әкеси болған жағдайды айтады. Еки халықтың батырлар жырында батырлардың ақ кеўиллилиги, мейримлилиги, не жаманлық болса өзиме